

## Enfòmasyon sou Naloksòn

Naloksòn se yon medikaman san danje ki ka envèse efè yon òvèdòz opyoyid.

Li mache sèlman pou opyoyid (tankou ewoyin, fentanil ak kalman sou òdonans), men li san danje pou itilize menm si moun nan pa t pran opyoyid.

**Enpòtan:** Di lòt moun kote naloksòn nan ye ak kijan pou sèvi avè l.

## Pou Verifye se Òvèdòz


**Men siy yon òvèdòz opyoyid:**

- Moun nan pa reyaji oswa li pèdi konesans
- Respirasyon an ralanti oswa rete
- Pobouch la oswa pwent dwèt yo ble, gri oswa blan
- Moun nan ap wonfle oswa l ap fè son glouglou

**Verifye si moun nan ap reyaji anvan ou bay naloksòn nan:**

- Rele fò pou wè si moun nan ap reyaji.
- Si pa gen reyaksyon, fouye zo biskèt li ak pwen ou (masaj estènòm).

**Si li pa reyaji lè ou fè masaj estènòm nan, gen ijans!**



## Ètap pou w Suiv yo nan Ka Òvèdòz

1. Rele **911** pou èd medikal. Di yo gen yon moun ki p ap respire.
2. Bay naloksòn nan. Pa teste ponp la, se yon sèl fwa li ka sèvi.



Ouvè

Mete

Peze

Li pa bezwen monte. Pouse piston an pou flite naloksòn lan nan yon twou nen.


**Si pa gen reyaksyon apre de (2) minit, bay yon dezyèm dòz.**

3. Fè respirasyon sovta j oswa resisitasyon kè kou sa posib. Twous naloksòn nan gen yon ekran pou figi ladan.

- Panche tèt moun nan pa dèyè epi penchen nen li.
- Bay de (2) souf epi gade si pwatrin li leve.
- Kontinye bay yon souf chak senk segonn.



4. Lè ou p ap bay naloksòn oswa respirasyon sovta j, mete moun nan sou kote pou li pa trangle.



## Lè Ou Fin Bay Naloksòn nan

**Rete ak moun nan jiskaske èd medikal la rive.**

- Naloksòn nan mache pandan 30 a 90 minit e li gen dwa lakòz sentòm mank anvan li ale.
- Si moun nan pran plis dwòg pa gen anpil chans pou sa redui sentòm mank yo men sa gen dwa ogmante risk pou li fè yon lòt òvèdòz.

**Rapòte ou te sèvi ak naloksòn lan nan pwogram kote yo te ba ou li an, oswa sèvi ak aplikasyon Stop OD NYC an.**

Pran yon nouvo twous si ou sèvi ak omwen yon dòz, oswa lè naloksòn nan ekspire.

## Sipò

Rele NYC Well nan 888-692-9355 24 sou 24/7 jou sou 7 pou jwenn naloksòn oswa sipò nan zafè toksikomani oswa sante mantal.

